# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

आजु राष्ट्रीय युवा दिवस मनावल जा रहल बा। ई दिवस स्वामी विवेकानंद के जयंती के उपलक्ष्य में मनावल जाला। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्वामी विवेकानंद के जयंती पर उन्हें सरधांजलि दिहले हवें। गृह मंत्री अमित शाह, सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉ. एल. मुरुगनों सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये स्वामी विवेकानंद के व्यक्तित्व आ कृतित्व के इयाइि कइले हवें।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ 'राष्ट्रीय युवा दिवस' पर आजु लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के नौजवानन के राज्य स्तरीय विवेकानंद यूथ अवॉर्ड से सम्मानित कइलीं। येह मौका पर खेलो इण्डिया योजना में पांच मल्टीपर्पज हॉल क लोकारपण आ तीनि गो ग्रामीण स्टेडियम क सिलान्यासो भइल।

मुख्यमंत्री अपने सम्बोधन में स्वामी विवेकानंद के राष्ट्रीय अउर सामाजिक जोगदान के इयादि कइलें आ उनके बतावल राहि पर चलले क अपीलि कइलें।

**उनका स्पष्ट संदेश था लक्ष्य पर एकाग्रता, संकल्प पर दृढ़ता और कर्म में निरंतरता। यह जब तक नहीं होगी तब तक सफलता प्राप्त नहीं हो सकती है। सफलता प्राप्त होने के लिए ये तीनों आवश्यक हैं लक्ष्य के प्रति हमारी एकाग्रता हो, संकल्प में उतनी ही दृढ़ता हो और कर्म में हमारी निरंतरता भी होनी चाहिए।**

प्रदेस के कुशीनगर, वाराणसी आ गोरखपुर के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में राष्ट्रीय युवा दिवस पर अलगि–अलगि आयोजन कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ केन्द्रीय आईटी अउर इलेक्ट्रॉनिक राज्य मंत्री जितिन प्रसाद आजु लखनऊ में दुइ दिवसीय '**उत्तर प्रदेश एआई और स्वास्थ्य नवाचार सम्मेलन**' क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि एआई क इस्तेमाल रिएक्टिव के जगहि प्रोएक्टिव अप्रोच में बहुते खास भूमिका निभा सके ला।

**हम इस बेहतरिन एआई टूल का इस्तेमाल करते हुए, उन सभी डाटा को कलेक्ट करके फिर उस एक प्रोएक्टिव अप्रोच के साथ आगे बढ़े, मेरा यह मानना है कि जैसे इन्सेफलाइटिस के प्रति हमलोगों की फोक्सड कार्यवाही ने इन्सेफलाइटिस से मुक्त करते हुए उत्तर प्रदेश के बचपन को बचाने में सफलता प्राप्त की है। ऐसे ही अन्य बीमारियों के उपचार के लिए भी इससे पहले कि वो महामारी के रूप में एक संकट खड़ा करें हम उसको नियंत्रित कर सकते हैं।**

येह मौका पर केन्द्रीय राज्य मंत्री जितिन प्रसाद कहले हवें कि भारत एआई सर्विस प्रोवाइडर ऑफ द वर्ल्ड बने वाला बा। दुनिया में भारत क डंका बजी जेहमें यूपी बड़हन भूमिका निभाई। कार्यक्रम में उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आ राज्य मंत्री अजीत पालो मौजूद रहलें।

**********

सुसासन आ योजनन के समय से कार्यान्वयन बदे प्रधानमंत्री क खास तंत्र–'प्रगति' अपने पचासवां बइठकी के साथे खास उपलब्धि हासिल कइले है। प्रगति तंत्र के जरिया से प्रधानमंत्री क सोझै समीक्षा आ निगरानी के नाते बुनियादी ढांचागत परियोजनन क समय से निगरानी आ जन सिकाइतिन क समाधान सम्भवल भइल है। खास श्रृंखला में आजु प्रस्तुत बा राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या–छप्पन क लखनऊ–सुल्तानपुर खंड के चार लेन बनावल गइले पर एगो रिपोर्ट–

**लखनऊ, सुल्तानपुर राष्ट्रीय राजमार्ग 56 के 127 किलोमीटर लंबे खंड को चार लाइन में विस्तारित करना मध्य और पूर्वी उत्तर प्रदेश की सड़क और संरचना के उन्नयन की दिशा में एक महत्वपूर्ण परियोजना है। इस परियोजना को 4 मई 2016 को 2000 करोड रुपए से अधिक की लागत से स्वीकृति दी गई थी। यह कॉरिडोर लखनऊ, बाराबंकी, अमेठी और सुल्तानपुर जिलों से होकर गुजरता है। हालांकि इंजीनियरिंग कार्यों में निरंतर प्रगति हो रही थी लेकिन परियोजना के क्रियान्वयन के दौरान भूमि अधिग्रहण और पर्यावरणीय प्रबंधन से जुड़ी गंभीर चुनौतियां सामने आई। कुल 686 हेक्टेयर भूमि की आवश्यकता के मुकाबले प्रारंभ में केवल 337 हेक्टेयर भूमि उपलब्ध हो सकी थी। इस परियोजना को 25 अप्रैल 2018 को प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा प्रगति की बैठक में समीक्षा की गई जो एक निर्णायक पहल साबित हुई। प्रगति बैठक के बाद प्राप्त निर्देशों के अनुपालन में उत्तर प्रदेश सरकार ने भूमि अधिग्रहण की प्रक्रिया को तेज किया, जिससे शेष भूमि का पूर्ण अधिग्रहण हो सका। वैधानिक और भूमि संबंधी बधाओं के दूर होने के बाद एन. एच. ए. आई. ने मानव संसाधन और मशीनरी की तैनाती में उल्लेखनीय वृद्धि की। परिणामस्वरूप परियोजना ने शत प्रतिशत भौतिक प्रगति हासिल की और 30 अप्रैल 2019 को इसे राष्ट्र को समर्पित किया गया। अनुपम मिश्र के साथ आनंद कुमार आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

**********

प्रदेस में कड़ेर ठंडी आ कुहेसा से जन–जीवन परभावित बा। आजु दिन में गोरखपुर आ एकरे लग्गे के जिलन में कुछु देर खातिर घाम निकरल, हलांकि सितलहरी के नाते ठंडी से कउनों खास राहति नाहीं मिलल। मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में पनरह जनौरी ले कहीं–कहीं घना कुहेसा के सम्भावना जतवले है। येह दौरान मौसम सुस्क रही। मौसम के देखत स्कूलन क छुट्टी बढ़ा दीहल गइल बा।

**********